

ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКАЯ ГАЗЕТА ИТУМ-КАЛИНСКОГО МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА

gazeta.veduchi@mail.ru № 33 (376),10 сентября 2020г.

Ведучи

Свободная цена

Поздравление Главы Чеченской Республики, Героя России Р.А.Кадырова с Днем Республики – Днем гражданского согласия и единения

Дорогие друзья!

Примите самые искренние поздравления с одним из главных праздников в Чеченской Республике – Днем гражданского согласия и единения! Он символизирует гармонию и взаимопонимание в обществе, мир и благополучие – достижения, за которые мы заплатили высокую цену.

Праздник учрежден в 2002 году нашим Первым Президентом, Героем России Ахматом-Хаджи Кадыровым. Как мудрый и дальновидный политик, он понимал, что объединение разрозненного общества станет фундаментом для возрождения и процветания региона после тяжелого кризиса на рубеже веков. И, оглядываясь назад, мы понимаем, что он был абсолютно прав!

Сплотившись вокруг Ахмата-Хаджи, продолжая его курс, мы возродили разрушенные города и села, впервые в мировой истории уничтожили международный терроризм, добились крепкого мира и общественного порядка, обеспечили устойчивое развитие экономики и рост уровня благосостояния населения. Главным образом, это стало возможным благодаря гражданскому согласию и единению.

Сегодня жители нашей республики живут под мирным небом, имеют возможность реализовать свой интеллектуальный, творческий и духовный потенциал. Люди уверенно смотрят в будущее и трудятся во благо нашего великого Отечества — России. Мы и впредь будем беречь и укреплять наше единство.

Я от всей души желаю вам мира, благополучия и процветания! Пусть вам всегда сопутствует удача.

С праздником вас!

Вайн ницкъ цхьааллехь хиларх, хIинцачул дика кхета вай

ДIадаханчу кIиран дийнахь, Соьлжа-ГIаларчу Омаев Дагун цIарахчу тойнан цIийнехь дIабаьхьира сийлаллин гулам. Кхузахь гулбеллера Iедалан куьйгалхой а, Iилманан, кхолларалин векалш а, динан, юкъараллин гIуллакххой а.

Дезачу Денца гулбелларш декъал а беш, вистхиллачу Кадыров Рамзана дагадаийтира, вайн хьалхарчу Президента, Россин Турпалхочо Кадыров Ахьмад-Хьаьжас Нохчийн Республикехь машар а, токхо а хилийтарна дина гIуллакхаш. «Цуьнан хьекъале куьйгалло чIагIонан лард йиллира, юккъера мостагIалла а, декъадалар а дIадаьккхина вайн къам вовшахтуьйхира, зазадаккхаран а, кхиаран а некъа тIе даьккхира, – билгалдаьккхира цо. – ХIинцачул 18 шо хьалха, Кадыров Ахьмад-Хьаьжас республикин Де юкъадоккхуш, вайн юкъараллера гIурте болам дIабаьккхина, вайн мохк меттахIуттург хиларх тешаш берш кIезиг бара. Амма Ахьмад-Хьаьжин ницкъ кхечира вайн къам декъадаларан бахьанаш дIадаьхна, къам цхьаьнатоха а, адамаш хIаллакьхиларх кIелхьарадаха а, Iедал а, юкъаралла а вовшахтоха а. Росси пачхьалкх хIаллакхъярехь вайн къомах пайдаэца Iалашо йолчарна кхетта тIара дара иза, цара тахана а дог доху вайн юкъаралла цхьалха яьккхина, юха а вайн махкахь гIурт баржо. Амма дIадаханчух масал эца Iемина вай дика кхетта, вайн ницкъ цхьааллехь хиларх. И хааро аьтто бо вайн Iедалан а, юкъараллин а цхьаьна муьлххачу а питанна дуьхьало ян».

Иштта республикин Куьйгалхочо тIечIагIдира, вайн махкахойн машаре, токхе дахар хилийта Нохчийн Республикин куьйгалло дерриг а дийриг хилар. «Иза тхан сийлахь декхар ду, – элира Куьйгалхочо, – и кхочуш дан оха тхайн дахарш а кхоор дац».

Нохчийн Республикин Куьйгалхочун а, Правительствон а пресс - служба

Здравоохранение

В Итум-Калинском районе прошла диспансеризация населения

В эти выходные в мобильном госпитале Министерства здравоохранения Чеченской Республики прошла выездная диспансеризация взрослого и детского населения Итум-Калинского района



Республиканский центр медицины катастроф развернул 5 модулей, в которых более 23 узкопрофильных специалистов республиканских медицинских учреждений провели профилактические осмотры и диспансеризацию населения района.

Мобильный госпиталь в с.Итум-Кали посетил министр здравоохранения Чеченской Республики Эльхан Сулейманов и высоко оценил организацию работы госпиталя.

Он положительно высказался о возможностях проведения диагностических анализов и медицинских осмотров с использованием переносного и мобильного оборудования, в том числе флюорографии, рентгена, УЗИ, ЭКГ и функциональное исследование, которыми обладает госпиталь. « По итогам выездного этапа диспансеризации осмотр прошли 394 человек, 218 из которых дети. У 141 человека выявлены заболевания, они взяты на постоянный диспансерный учет и будут наблюдаться и получать медицинскую помощь в Шатойской центральной межрайонной больнице», – отметил Э.Сулейманов.

После прохождения диспансеризации жители района получили паспорта здоровья, в них указаны заключения врачей и прописаны индивидуальные рекомендация специалистов.

И.ИСАЕВА
источник: www.grozny-inform.ru

Круглый стол, посвященный Дню республики



Один из важных дней в праздничном календаре нашей республики – День гражданского согласия, единения и примирения. Указ о праздновании Дня республики был подписан в 2002 году главой Администрации ЧР, а в последующем и Первым Президентом Чеченской Республики, Героем России Ахмат-Хаджи Кадыровым.

Следует отметить, что в целях воспитания патриотизма, уважения к Отечеству, прошлому и настоящему нашего народа, воспитания чувства ответственности и долга перед Родиной по поручению главы администрации Итум-Калинского муниципального района Мовсаром Алхастовым разработан муниципальный план мероприятий. В преддверии праздника объединения народа в рамках данного плана, в образовательных учреждениях района прошли различные мероприятия – открытые уроки, классные часы, беседы, круглые столы, посвященные этому знаменательному дню, а в Администрации района состоялся круглый стол «День гражданского согласия, единения и примирения».

Как было отмечено организаторами круглого стола, лишь Первый Президент республики, Герой России А-Х.Кадыров сумел доказать, что только путь единения приведет народы республики к миру и стабильности. Он с первых дней говорил о необходимости объединения и сплочения. Своими делами и поступками он сумел убедить чеченский народ сплотиться и объединить усилия на пути мира и стабильности.

Несомненно, такие мероприятия способствуют развитию интереса к истории государства, воспитанию чувства патриотизма и призывает к всеобщему единению. Ведь гордость за свою Родину, за ее прошлое и настоящее, и вера в ее счастливое будущее – это то, что неизменно объединяет людей и делает их единым народом.

С.АСТАМИРОВА

КIоштан зиярташ

Хьаьлдара Бетаран Мохьмадан зиярт

Хууш ма-хиллара, дуккха а дика нах а, Iелим нах а схьабевлла хиларна билгал ю Итум-Кхаьллан район. Иштта Далла гергахь билгала хиллачу нехан зиярташ а ду ккузахь: Хьаьлдахь а, Зумсахь а, Мулкъахь а. Хьаьлдахь дерг Бетаран Мохьмадан зиярт ду. Цунах лаьцна дийцира Олхазар-КIотарахь вехаш волчу Бетар Мохьмадан кIента кIанта Магомадов Iалавдис:

– Тхан деда дуьненчу билггала маца ваьлла ца хаьа суна, дийцарехь, иза дуьненчу ваьлла 1860-чу шерашкахь, амма хууш ду, тхан денана Шайла 1869-чу шарахь дуьненчу яьлла хилар, – боху Iалавдис. – Паспорт тIехь язйина хан иштта яра цуьнан, делахь а цо ша кхин а йоккха ю олура. 1980-чу шарахь, шен 111 шо долуш, кхалхар а хилла цуьнан.

Беллачу нахера хьал хууш хилла тхан деда, дуьйцуш а хезна суна, иштта исс ах гола (цхьа гола ах метр ларалуш хилла!) лаьтта бухахь дерг а хууш хилла цунна. Бакъдерг хууш верг АллахI Дела ву, амма муьлхха а дийцар цхьана бакъдолчунна тIера хуьлуш ма ду.

Цунах ца тешаш, иза зен гIерташ а дуккха а нах нислуш хилла. Масала, лакхара СаIдин-КIотара шен накъостаца тезета охьавеана хилла Бетаран Мохьмад. Буьйса йоккхуш, цу юьртарчу Ваха волчохь нисвелла и шиъ. Цу юртахь хIара волуш, шайх веана вай долчу тезета, бохуш, ца бешаш хилла цхьаболу нах. Царах цхьаъ, хьовсалаш ша цунна ден дерг бохуш, гуттара генаваьлла хилла. Кешнийн кертахь хIорш болуш, цхьа каш схьа а гайтина, кху чохь шен да ву, цуьнгара хьал хуур дарий хьуна, хаьттина цо Бетаран Мохьмаде. Ша луш болу мел дIабелла а ваьлла, хуур дара шена, аьлла, жоп делла Бетаран Мохьмада: «Кху чохь воллург хьан да вац, кху чохь воллург гIазкхи ву. Хьан да Iалхан-Юьртарчу гIазкхийн кешнашкахь ву. Хьан да нахана мотт бетташ лелаш хилла. ХIара гIазкхи цIена стаг хилла. Ккунна Дала гечдина». Каш схьа а даьстина, дIахьаьвсича, цо ма-бохху хила а хилла.

КхидIа а Iалавдис дийцира, Хьаьлдахь, шен хIусамехь вижина волу Бетаран Мохьмад, цхьана буьйсанна сатоссуш хьала а гIаьттина, шен хIусамнене: «Хилдехьа схьа борз ю соьга кхойкхуш»,



– аьлла, шен говрана нуьйр а тиллийтина, новкъа ваьлла. Ма-ваггIара, Хилдехьарчу цхьана юьрта дIакхаьчна иза. Цхьана стага бага а, биъ кор а дIа а бихкина, ен хьалаоьллинчу барзана тIекхаьчча хIара. Бетаран Мохьмада хаьттина оцу стаге, хIун дан воллу хьо цунах, аьлла. Иза ен а йийна, цIока схьа а яьккхина, Шуьйта базара охьа а яьхьна, йохка воллу ша, аьлла вукхо.

Ша ахьа боьху мах дIало хьуна, борз дIахецахьара ахьа, аьлла, дехар дина Бетаран Мохьмада. ХIуъу дехар дича а борз дIахеца ца тигна важа.

ТIаккха барзана тIе куьг а хьаькхна, Бетаран Мохьмада аьлла: «Хьан кхел хилла яьлла ю. ХIокху стагана хир долчунна со декъа вац. Дала ларвойла ккунна хир долчух».

ШолгIачу дийнахь, ша ма-аллара, берзан цIока дIа а йоьхкина, цунах схьаэцначу ахчанах таьлсаш доьттина чагIар а, кхийолу хIума а эцна, юхавирзина хьалавогIуш, цхьана хIуманах говр къаьхкина, луьйтанах тасабелла ког нис ца луш, берда йистех дIасавиттина, вийна и стаг.

Шен бераллин хенахь дуьйцуш хезна олий, шайн дас дийцинарг карладолий, кхидIа а дуьйцу Iалавдис: Хьаьлда хьалавоьдучу новкъахь кешнашна тIех волуш, цхьана жимачу тIулгана тIе а хIоьттина, доIа дина Бетаран Мохьмада. «Ккузахь дIайоьллина ккена йоI ю-кх», – аьллера цо ша ваьлча. Цунах ца тешна цуьнца цхьаьна хилларш, шолгIачу дийнахь баьхкина, каш схьа аьхкина хьаьвсича, цо аьлларг бакъ карийнера. Шен цIахь Iаш волчу Бетаран Мохьмадана хиъна цара динарг: «ЭхI, ма гIуллакх доцуш элир-кх ас хьох лаьцна аьлларг, ма гIуллакх доцуш дакъаза яккхийти-кх хьо ас, ма вон аххийти-кх ас хьо», – аьлла хиллера цо.

Цкъа цхьа-ши гIалгIа веана хилла тхан деда волчу. Берех цхьаъ доьлхуш, иза дIатедархьама, веанчух цхьамма ши шай делла цуьнга. Кхаа шайнах етт богIуш хилла цу хенахь. И шиъ веана а волуш, хьайн хьеший айхьа лелабе ахь, аьлла, дIайижна хилла тхан денана.

Дедас ша худар а дина, тIе даьтта а диллина, хьешашка иза даийтинчул тIаьхьа, шен хIусамнана хьала а гIаттийна, худар даа хьайна, аьлла, цуьнга а, довха доллушехь, худар даийтина. ДIавоьду ши хьаша Шуьйта кхаьчча, бере ахча кховдийначунна дагадеъна: «Ванах, и ши шай оцу бере ца деллехьара, цунах сайна ши кIарх оьцур бара-кх ас», – аьлла. Хьаьлдахь цIахь Iаш волчу Бетаран Мохьмадана хиъна иза. Дин хаьхкина вахана, шен шина хьешанна тIаьхьа ккиъна хIусамда. ХIара дIагича, цецваьлла важа шиъ. Бетаран Мохьмада хаьттина цхьаьнга, хьуна иштта дагадеарий, аьлла. «Деара», – аьлла, жоп делла цо. Иштта элирий ахь, юха а хаьттина: «Элира», – аьлла, юха а жоп делла хьешо. «ХIан, хIара хьайн ши шай дIаэца», – аьлла, юханехьа и ахча шен хьеше дIаделла Бетаран Мохьмада. ДIаэцахьара ахь, бохуш, и гIалгIа воьлхуш а витина, юхавирзина иза.

Ша валале хьалха тхан денене аьлла хилла Бетаран Мохьмада: «Со веллачул тIаьхьа вай цIера а дохур ду, цIа а дерзор ду. Хьайна уггаре безачарах цхьа кIант висча, лийр ю хьо». Цхьайтта ваша а, пхи кIант а хилла тхан дененан. Цо ма-аллара, тхан да воцург, уьш массо а воцуш вара тхан денана кхелхаш. ЦхьайтталгIа шо ду тхан да Iабдурохьман кхелхина а. Доьзалехь уггаре жимах верг вара иза. Шен да кхелхаш ши шо бен ца хилла цуьнан, цундела, шега схьадийцинарг бен хIума ца хаьара цунна. Цо дуьйцура, цхьана буса чувеана, шен хIусамнене, тхан денене, чоь кечйе, Iуьйранна тезет ю вайна ер йолуш, аьлла Бетаран Мохьмада. ХIусамдас аьллачунна дуьхьало ян Iемина йолчу тхан денанас: «ДIавалахь, хьайн хабар а ца дуьйцуш, дIавижахь», – аьлла. Кхехкачу чайн яйнах куьг а кхетта, цунах бахьана а хIоьттина, Iуьйранна валар хилла Бетар Мохьмадан кIентан Бакъин. Иза дIавуллуш, коша чу а ваьлла: «Бакъи, хьо шек дIа ма валлахь, юха тIедогIучу пIераскан дийнахь со а хьуна тIаьххье дIавогIур ву хьуна», – аьлла Бетаран Мохьмада.

КIант дIаваьлча, Бетаран Мохьмад воьхна, ша хIун дуьйцу а ца хаьа, бохуш, буьйлабелла нах.

КIант дIавоьллина ши-кхо де даьллачул тIаьхьа, шен лулахо чу а кхайкхина, кху тIедогIучу пIераскана дийнахь ахьа ша лийча а велахь, марчо а хьарчаделахь шена, аьлла, тIедиллина цо. Ша ма-аллара, цу пIераскан дийнахь валар а хилла Бетар Мохьмадан.

Iалавдис дийцарехь, тахана а Дагестанера а, ГIалгIайчьра нах богIу Бетаран Мохьмадан зиярте. Иштта Iарбойн махкара цхьа-шиъ веана хилар а хааделла Хьаьлдарчу бахархошна.

А.БАУДИНОВ

Росреестр

Росреестр зарегистрировал почти 18,5 тыс. сделок по программе «Дальневосточная ипотека»

Москва, 18 августа 2020 года. – Росреестр с начала действия программы «Дальневосточная ипотека» (с декабря 2019 года), по данным на 14 августа, зарегистрировал 18 434 сделок в отношении 9 389 объектов.

Среди них – 9 347 ипотек, 4 779 договоров долевого участия, 3 033 – прав собственности на основании договоров купли-продажи и 1 190 договоров уступки прав требования по ДДУ. Лидерами по числу сделок по программе «Дальневосточная ипотека» стали Республика Саха (Якутия) и Приморский край. В них совершено 4 814 и 4 113 регистрационных действий соответственно. На третьем месте Хабаровский край (2 527), на четвертом – Республика Бурятия (2 408), на пятом – Амурская область (1 484), на шестом – Забайкальский край (1 296). Завершают список Сахалинская область (1 038), Камчатский край (134), Магаданская область и Чукотский АО (6).

В среднем в день в 11 регионах ДФО поступает порядка 500 заявлений на регистрацию ипотеки, из них около 170 – в электронном виде (34% от общего количества), что соответствует среднему показателю по стране.

Глава Росреестра Олег Скуфинский заявил о том, что ведомство помогает гражданам в оформлении «Дальневосточной ипотеки», сопровождает каждую сделку, сокращает сроки регистрации в интересах жителей Дальнего Востока – с февраля 2020 года регистрация составляет до 2 дней.

Как сообщает пресс-служба Правительства, 18 августа в Благовещенске (Амурская область) Михаил Мишустин встретился с участниками программ «Дальневосточный гектар» и «Дальневосточная ипотека».

«Мы исполняем такой уникальный проект, как поддержка граждан и бизнеса на Дальнем Востоке. Это две самых серьезных программы – «Дальневосточный гектар» и «Дальневосточная ипотека». Когда под 2% можно взять ипотеку, мы видим, какой она стала сразу популярной. Очень много было барьеров убрано. Сегодня человек, который обращается за ипотекой, может решить свои проблемы без участия чиновников, онлайн. Достаточно хорошо это сделано», - подчеркнул Председатель Правительства.

Заместитель Председателя Правительства Виктория Абрамченко отметила, что сегодня примерно каждая сотая сделка в отношении объектов недвижимости, приобретенных по ипотечным программам, относится к «Дальневосточной ипотеке», и потенциал роста налицо. Возможность в будущем приобретать в ипотеку вторичное жилье в некоторых регионах Дальнего Востока станет для граждан еще одним дополнительным стимулом участия в программе.

Вице-премьер также добавила, что в июне текущего года Правительством был одобрен и внесен в Госдуму разработанный Минвостокразвития законопроект, позволяющий обладателям «Дальневосточного гектара» досрочно оформить его в собственность в случае намерения строительства на нем жилого дома по ипотечному кредиту. По словам Виктории Абрамченко, данный законопроект, в случае его принятия, позволит значительно расширить возможности граждан по использованию ипотечных жилищных кредитов для строительства индивидуальных домов на Дальнем Востоке и в целом - по стимулированию индивидуального жилищного строительства на территории, имеющей стратегическую важность для развития страны.

Законопроектом предусматривается установление возможности предоставления земельного участка гражданину в собственность досрочно в случае заключения кредитного договора для строительства на земельном участке жилого дома. Сегодня по условиям программы «Дальневосточный гектар» такая возможность отсутствует, поскольку земельный участок предоставляется гражданину в безвозмездное пользование на пять лет.

Справочно:

Согласно данным Росреестра, который является оператором федеральной информационной системы «На Дальний Восток» (ФИС «На Дальний Восток»), за 2019 г. (с учетом включенных в ДФО Забайкалья и Бурятии) предоставлено 9 788 земельных участков общей площадью 7 454 га (в 2018 г. – 7 429 участков, 5 998 га). В рамках программы наибольшее количество земельных участков в 2019 году предоставлено в безвозмездное пользование граждан на территориях Приморского края – 2 494 или 36% от общего количества, Забайкальского края – 1 611 (17%) и Сахалинской области – 1 279 (13%). По данным на 1 августа 2020 год, всего программой «Дальневосточный гектар» воспользовались более 83 тысяч человек, им предоставлено 63 889 земельных участков общей площадью 58 635 га. Сам сайт «На Дальний Восток» посетили 9,6 миллионов пользователей.

Ранее руководитель Росреестра Олег Скуфинский подчеркивал, что благодаря государственной программе «Дальневосточный гектар» сформировано и вовлечено в оборот большое число земельных участков.

«Чем полнее и структурированнее информация в ЕГРН, которой мы обладаем, тем быстрее работает система и ниже транзакционные риски и издержки. Создана федеральная информационная система «На Дальний Восток», которую разработал и сопровождает Росреестр», – заявлял Олег Скуфинский.

В настоящий момент Росреестром проводится комплекс мероприятий, направленных на вовлечение в оборот неиспользуемых земельных участков. Положительный опыт государственной программы можно будет масштабировать на территорию РФ.

Популярности программы способствует простота и функциональность системы: в личном кабинете клиент самостоятельно выбирает местоположение и вычерчивает границы земельного участка, оформляет документы. Исключить вероятные отказы в получении земли помогает карта, на которой размещены границы территорий, земель, зон, в которых земельные участки не могут быть предоставлены, – Росреестр на постоянной основе актуализирует сведения в ФИС.

Ранее для расширения потенциальных участников программы Правительством было объявлено о снижении первоначального взноса по льготным ипотечным продуктам, включая «Дальневосточную ипотеку», с 20% до 15%.

А.Л.ШАИПОВ

Дакаев СаьIидбекан – 69 шо

Мехкан хазнаш толлуш лелла, со хьан беша кхочур ву…

1973-чу шарахь арадаьллачу «Орга» журналан коьртачу редактора Мамакаев Мохьмада махкахошна вовзийтира поэзин новкъахь гIулчаш яха волалуш волу жима стаг Дакаев СаьIидбек а, цуьнан кхолларалла а:

«ХIара стихаш язйинарг Нажи-Юьртан районерчу ГIоьрдалара жима стаг Дакаев СаьIидбек ву. Шайн эвлара юккъера школа чекхъяькххина, Орга гIала а веъна, цигахь кочегар болх беш ву СаьIидбек. Яздархойн Iилманан меттан говзаллега хIинца а дика ца кхиъна иза, делахь а ша яздийриг дахаран экханна тIехь ямартло йоцуш даггара яздо цо:

«Мехкан хазнаш толлуш лелла,
Со хьан беша кхочур ву,
Доьху хьоьга бехк ма билла,
Тахана вайша къаьсташ ду», – бохуш яздо Дакаевс шен юьрте шен цхьана стихотворени тIехь. Шен орам ца бицбеш, Даймехкан диканан къайленаш лаха араваьллачу стеган дагтIера къамел ду иза. Поэзин хазнин къайленаш кхуьуш боьдучу новкъахь аьтто хуьлда хьан, тхан къона накъост», – яздина нохчийн къоман литературин классика Мамакаев Мохьмада хIинцачул 47 шо хьалха. Иштта воккхачу яздархочо поэзин дахаре яьхьна шен хьалхара гIулчаш тидаме эцарна а декхарийла вора Дакаев дика яздан. Шеко йоцуш, цо иза кхочуш а дина. Дукха яздеш IалагIожа а ца еш, кIеззиг, меттера яздеш веъна иза поэзин дуьне.

СаьIидбек яздан волавелла школехь доьшуш волуш, дуьххьара зорбане ваьлла Нажи-Юьртан а, Шелан а районийн газеташкахь, ткъа 1968-чу шарахь дуьйна иза вевзина республикин зорбанехь а. Юккъера школа чекхъяькххинчул тIаьхьа дешна Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетан филологин факультетан къоман отделенехь. Цул тIаьхьа тайп-тайпана белхаш бина:



школехь берашна нохчийн мотт а, литература а хьийхира, гIишлошъяран индустрин а, гIишлошъяран материалийн а Аргун гIаларчу комбинатехь гIишлошъяран коьчалш йира, дахар а, адамаш а, къинхьегаман чам а бевзаш.

1990-чу шерашкахь СССР хIаллак а хилла, ерриге а Россехь санна, Нохчийчохь революционни боламаш марсабовллалца СаьIидбека къахьийгира «Сельхозтехникин» Аргунски отделенехь (агрегатийн машинист), Аргунерчу №29 йолчу корматаллин-техникин училищехь (хьехархо, производство Iаморан мастер), зIенан системехь (зIенан оператор). ТIаьххьара, 1990-чу шерашкахь Нохчийн телевиденин журналист хилира СаьIидбек, Нохчийчохь, «Контртеррористически операци» дIайолаяллалц. Цул тIаьхьа цIахь сецира, ерриге а шен ойланаш поэзина тIе а яхийтина. СаьIидбекан говзарш зорбане евлира Нохчийчоьнан къоначу литераторийн юкъарчу гуларашкахь: «Къоналлин кхайкхамца» (1976 шо), «Iуьйренан аьзнаш» (1981 шо), «Даймехкан мукъамаш» (1985 шо), «ТIоман лакхе» (1988 шо), «Шерийн гунан когашкахь» (1989 шо).

2016-чу шарахь республикин Куьйгалхочо Кадыров Рамзана тидаме эцнера цуьнан кхолларалла, цо билгалдаьккхира: «Таханлерачу дийнахь а йоьшуш верг цецвоккхуш, Даймахкахь лаьцна цIена ойланаш ю поэтан».

1981-чу шарахь араяьллачу Дакаевн «Дегнийн йовш йоцу цIе» гулар тIера байташ а йийшира цо. Ала догIу, цIена поэзи цкъа а ца йов, вай олуш махиллара, деши хоттала кхоьссича а ца бехло. Нохчаллех даима а дог дуьзна волчу поэтан поэзин а, дахаран а дуьзина маьIна гойтуш ю СаьIидбекан дуккахйолу байташ:

ВорхI ломал тIехьахь а,
Дуьненал дехьахь а
Суо воллу нохчо ву со.
Дакъаза валахь а,
Самалха далахь а,
И суна диц ма ца ло.

Набкхетча, гIенах а,
Хан йоцчу хенахь а –
Байттамал! – Нохчо ву со.
Стигла бохь кхачахь а,
Буйннал бен вацахь а,
Тешаме нохчо ву со.

Хьолан да велахь а,
Къен-миска велахь а,
Со воллу нохчо ву со.
Дахаран гуонехь а,
Диканехь, вуонехь а
Ас кхин цIе ца лелайо.

ЦIелетта багахь а,
Малх кхетта къагахь а,
Нохчийчоь – Даймохк бу сан.
Хьан хIуьу бахахь а,
Со лахь, со вахахь а,
Ду иза сан дегIан са.

Т.АЛИЕВА

Активисты ОНФ в Чечне вышли с предложением назвать сельский парк отдыха именем ветерана ВОВ

Активисты Общероссийского народного фронта в Чеченской Республике обратились в администрацию Грозненского муниципального района с просьбой назвать парк отдыха поселка Газ-городок Правобережненского сельского поселения именем уроженца села, участника Великой Отечественной войны Ахмеда Мазаева. Обращение направлено в рамках патриотического проекта ОНФ «Улицы героев».

Предложение о присвоении имени ветерана ВОВ Ахмеда Мазаева парку отдыха в его родном селе Правобережное было принято общественниками на заседании штаба регионального отделения ОНФ в Чечне. Место выбрано в связи с тем, что в данное время новый парк отдыха не имеет своего названия, а также в целях увековечения памяти участника ВОВ и патриотического воспитания подрастающего поколения.

Ахмед Мазаевич Мазаев 1920 года рождения, гвардии сержант запаса, участник Великой Отечественной войны, награжден орденами Боевого Красного Знамени, Отечественной войны II и III степеней и орденами Славы трех степеней. Безупречно выполнял боевые задания, он прошел через всю Украину, Молдавию, Болгарию, Румынию, Венгрию. Радостную весть о капитуляции фашистской Германии встретил в Югославии. Ахмед Мазаев вырастил детей, внуков, которые стали уважаемыми людьми. Скончался Ахмед Мазаевич в кругу своих родных в 2008 г. С 1957 г. и до самой смерти проживал в селе Правобережное, на улице Мирной.

«Проект ОНФ призван почтить память героев, получивших это звание за подвиги, совершенные в ходе Великой Отечественной войны, а также тружеников тыла. Ахмед Мазаев был очень уважаемым человеком и очень скромным. О его героическом участии в войне земляки узнали не сразу. Любили его за честность, трудолюбие, преданность слову и своей Родине. Он внес большой вклад в достойное воспитание подрастающего поколения своего села. На таких примерах должна воспитываться молодежь. Имена наших ветеранов в названиях парков, скверов и улиц – малая толика того, что мы можем сделать для людей, подаривших нам Великую Победу», – отметил руководитель регионального исполкома ОНФ в Чечне Магомедали Мусаев.

Общественники планируют также принять участие в заседании органов власти муниципального образования, где будет рассматриваться предложение от ОНФ.

З.БАНГАЕВА

Закон и мы

Молчание и золото

Контрабанда драгоценных металлов, в частности золота, проблема, с которой работникам таможенного контроля приходится сталкиваться вот уже на протяжении не одного десятилетия. Особенно это стало актуально с появлением международного авиасообщения

На самом деле, проблемы часто возникают из-за того, что люди просто не знают правил, касающихся пересечения границы для лиц, имеющих при себе какие-либо драгоценности. Так, в список стратегически важных товаров, незаконное перемещение которых через таможенную границу признается контрабандой и влечет уголовное преследование, помимо самих слитков золота или украшений из него, входят часы наручные, карманные и прочие, предназначенные для ношения на себе или с собой, включая секундомеры, с корпусом, изготовленным из драгоценного металла или металла, плакированного драгоценным металлом, корпуса для часов, а также ремешки, ленты и браслеты, изготовленные из драгметалла или плакированные драгметаллом, а также изделия из драгоценных камней и природного жемчуга. Это значит, что, если вы имеете что-то из списка при себе, вы обязаны зафиксировать данный факт в таможенной декларации. Потому как именно внесение или не внесение в декларацию является основным определяющим контрабанду фактором. Однако выполнение этого простого действия люди избегают.

Декларированию подлежат ввозимые в страны Евросоюза товары стоимостью, превышающей 10 000 евро. Нарушение влечет за собой штраф от 50 до 200% стоимости товара, и даже в таком случае конфискация рассматривается индивидуально. И если для частных лиц, которые приобрели украшения для личного пользование, такой инцидент может пройти относительно безболезненно, то курьеры, занимающиеся поставкой товаров для дальнейшей продажи, могут понести более суровое наказание. Особенно стоит подчеркнуть тот факт, что в аэропорту весь провозимый багаж контролируется, и ваших же интересах не умалчивать факты, которые все равно станут известны таможенникам.

Стоит заметить, что чаще всего люди попадают под статью о контрабанде не потому, что осознанно шли на нарушение закона, а потому что просто не были достаточно информированы и не имели представления о мерах, которые необходимо предпринять для беспрепятственного пересечения границы при наличии драгоценностей.

Сайт Администрации Итум-Калинского муниципального района

Дешар

Керла хаарш гулдан Іалашо йолуш дІадоладелла

дешаран 2020-2021 шо вайн кІоштан школашкахь



–Вайн юкъараллин дІахІоттаман лехамашка хьаьжжина дІадолийна оха дешаран керла шо, – дийцира Кхокхатан школин директора Бексултанов Эрзус. – Цхьа кІира хьалха а, бераш долчу доьзалшкахь йоккха гІайгІа яра, уьш школе арадовлу я ца довлу цахаарна.

Ца довлахь хиндерг хІун ду, я довлахь муха хир ду боху хаттарш дара массарна а хьалха хІуьттуш. Делан къинхетамца вайн кІоштан ерриге а школаш схьайиллина, уьш хІинцачул а лерина кечъелла дешархой тІеэца. Бен-башха а дац бераш дукха-кІезиг хилар, уьш Іалашдар ду тахана коьртаниг. Хууш ма-хиллара, вай арадевллехь а ун-баланах паргІата ца девлла. Республикин бахархошна мІаьжигаш лелоран низам тІечІагІдина ду. Оцу гІуллакхна юьстаха диса йиш яц школашкахь а, кхийолчу дешаран учрежденешкахь а, цундела кхерамазаллин рожехь дІадолийна оха дешаран шо. Школе чу догІуш а, кхузахь дІаса доьлхуш а мІаьжигаш лелор тІехь ду берашна, амма урокехь паргІатбовла йиш ю церан, нагахь и агІо, церан дас-нанас хьехархочух дагабевлла, нисйинехь. Дуьххьара хала а, дегаза а хеттехь а, хІинца Іемина тхо а, бераш а, школин неІаран чоьхьаволуш дагар дустарна а, дезинфекци ярна а. Вуьшта, дешаран учрежденешкахь COVID-19 дуьхьало ян леринчу тІедилларша болх бо оха.

Луур дара, хІокху ханна долчу кхачамбацаршна тІе къаьсттина тидам-ойла а ца йохуьйтуш, дешарна тІехь вайн кхимаш хуьлийла. Дешна а, гІиллакхе-оьзда а тІаьхье кхиор ю вайн коьрта Іалашо, цу тІехь Дала аьтто бойла вайн.

Л.ИБРАГИМОВА

В первый класс, как в первый раз

вошла Таисия Салаудиновна в новом учебном году

– Еще бы, с весенних каникул прошлого учебного года, детей за партами не видела, думала, расслабились, если не сказать, кардинально поменяли свое отношение к учебе, школе, – говорит она. – Очень боялась, что дети привыкнут к «дистанционному» обучению. Ведь, понятно, чтобы пойти в школу, нужно опрятно одеться, привести себя в порядок, потратить какую-то энергию на подготовку, ну еще много чего, что дети так не любят. А рядом с мамой, учительница на расстоянии, наверное, было здорово! Я рада, что мои опасения не оправдались, что дети так не думают, что они рады встрече со школой, со своими сверстниками, учителями. Что ни говори, живого общения ничего не заменит, а они в таком возрасте, когда этого как раз не хватало дома.

В этом году у Таисии Бахаевой, учительницы начальных классов Кокадойской СОШ, новые ученики-первоклассники, их одиннадцать человек. В первый раз, в первый класс пришли все такие красивые, подготовленные и к празднику День знаний и к тому, что будут старательно учиться, чтобы быть грамотными, сведущими людьми.

– Я рада, что мы встретились в родной школе, – говорит учительница, – временные неудобства, надеюсь, пройдут, и мы будем аккуратно ходить в школу, сидеть на уроках, видеть, слышать и слушать друг друга. Для меня очень важно живое общение с детьми, видеть искорки понимания в глазах моих учеников, видеть их поднятые руки, которые подчеркивают, что мое старание дошло до них. Хочу войти в свой класс не с опаской, а вдруг, а с уверенностью, что меня ждут, в меня верят. Это дорогого стоит! Желаю всем учителям такой уверенности.

А мы желаем Таисии Салаудиновне здоровья, счастья, хороших учеников, понимающих родителей, и чтобы не омрачились ее ожидания!

С.АСТАМИРОВА



Люби и знай свой край

История нашего села

С наступлением школьной поры нашей детворы, Краеведческий музей имени Х.Исаева возобновил свою научно-просветительскую деятельность.

На этот раз они подготовили и провели музейный урок на тему: «История селения Итум-Кали» с учащихся 5-6 классов МБОУ «СОШ с. Ушкалой».

На уроке организаторы рассказали о возникновении села, о ее развитии и особенностях. Являясь жителями Итум-Калинского района, учащиеся и так владели некоторой информацией, поэтому получился интересный урок-диалог. Уже они рассказали об Итоне, основателе Итум-Кали.

Как всегда, когда отсутствует достоверная информация, подтвержденная архивными документами, включаются народные источники – легенды, предания, старинные рассказы. Наша легенда такова: славный герой Итон, путешествуя, остановился среди гор у дороги, чтобы отдохнуть, а когда проснулся, увидел, что ласточка свила гнездо на его мече, а паук сплел серебряную паутину. Итон подумал, что это хороший знак и решил построить на этом месте селение, которое сейчас носит название Итум-Кали. Официальной



датой образования села считается – 1131 год, а датой первоначального образования Итум-Калинского района – 1923-й. После известных событий 1944 года район был аннулирован и восстановлен уже в марте 1990 года. На территории района находится 13 сельских поселений, в состав которых входит и Ушкалой, которому недавно вернули свое историческое название «ЧІиннах».

Как рассказал директор музея И.Якубов, учащиеся с интересом слушали те исторические подробности, о которых они не знали, также «поделились желанием посетить наш музей, а мы, в свою очередь, будем ожидать наших дорогих гостей. А пока желаем им успехов в учебе и отличных отметок».

Р.РИЗВАНОВ

Нохчийн рузма

«Рузма» боху дош вайна сиха а, атта а девза «календарь» ду.

Иштта аьлча, сихха девза и дош, вайн иэсехь дІа а нисло. Ала деза, кхидолчу къаьмнийн санна, рузма хилла вайн а. Цунах девзарг шуна хаийта лаьа тхуна.

Вайн нохчийн шо дакъошка декъалуш ду: товбецан (сентябрь) беттан 23-чу дийнахь гуьйре юлу. ГІуран (декабрь) беттан 23-чу дийнахь Іа дулу. Кхолламан (январь) беттан 17-чу дийнахь чилла юлу, иза Іанан уггаре а шийла хан ю. Чиллан 40 де-буьйса ду. Чиллин (февраль) беттан 25-чу дийнахь чилла дІайолу. Ткъа бекарг (март) беттан 11-чу дийнахь «Бардал-Іажуз» юлу. Бардал-Іажуз бохург – къена шело бохург ду. Цуьнан 9 де ду.

Цу иссаннах кхоъ – бІаьстенан, кхоъ – аьхкенан, кхоъ – гуьйренан ду. Хьалхара кхо де йочане хилча, бІаьсте йочане хир ю. ШозлагІа кхо де йочане хилча, аьхке йочане хир ю. КхозлагІа кхо де йочане хилча, гуьйре йочане хир ю. Иза хьалхалерачу баккхийчийн хьесап ду. 23-чу мартехь Іай-бІаьсте къаьста, бІаьсте юлу (жайнин хьесапехь ду иза). 23-чу июнехь аьхке юлу. Аьхкенан юккъера бутт – аьхкенан чилла лору. Иштта хийцалуш хьесапаш ду вайнехан шерачохь.

Кхуьнан бух: Йоккхачу АтагІара вашатройн ЯкубовгІеран (оцу Якъубан бераш) Юсуп, Мохьмад, ШахІид бохуш дешна нах хилла. Шайн дас царна дитина куьйга яздина тептарш дара боху, шайна тІехь шариІато а, вайн Іадаташа а беш болу бехкамаш а, лелон деза хІуманаш а долуш. Іарбойн йозанца яздина ШахІидера сан вашас Мусас схьаяздина кехат дара, цу тІера аса, Балаев Іийсас схьаяздина, 1966-чу шеран 26-чу мартехь.

Р.САРАЛИЕВ



Газета «Ведучи»
Главный редактор
Т.А.САРАЛИЕВА
Газета освещает события, происходящие в Итум-Калинском муниципальном районе Чеченской Республики

Учредитель: Администрация Итум-Калинского муниципального района
Адрес учредителя/издателя: 366404, Чеченская Республика, Итум-Калинский район, с.Итум-Кали, ул. А-Х.Кадырова, д.14
Газета выходит 4 раза в месяц

Газета зарегистрирована Управлением федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 20-00074 от 01 февраля 2013 г.

Газета набрана и сверстана на компьютерной базе редакции газеты "Ведучи".
Адрес редакции: 364014, ЧР, г. Грозный, ул.Н.А.Назарбаева, 92 тел.: 8 (938) 893-04-10

Отпечатана в ФГУП ИПК "Грозненский рабочий"
Адрес: г.Грозный, ул.Интернациональная, 12/35
Подписано в печать: 09. 09. 2020.
по графику в 18.00, по факту в 16. 00
Тираж - 1000 экз. Заказ №